

## ► Si w gen yon moun ou konnen k ap sibi abi

Sa pou fè ak sa pou di:

**Koute epi bay sipò.** Pa pè pou fè yo konnen enkyetid ou genyen yo. Fè yo konnen ke ou vle ede.

**Rekonet ke yo nan yon sitiyasyon ki difisil, ki fè pè anpil.** Fè yo konnen ke se pa yo ki lakoz abi a. Koute yo, kwè yo, epi ankouraje yo ekspri sa yo santi. Ou pa bezwen jijje. Fè yo konnen ke w enkyè pou sekirite yo.

**Respekte chwa yo fè.** Kite yo pran pwòp desizyon pa yo. Pa komanse avek sa w panse yo ta dwe fè oswa ensiste pou yo pran konsèy ou bay.

**Bay ankourajman.** Ede yo idantifye konpotman ki abizif la. Ba yo enfòmasyon Give them osijè sèvis nou bay yo.

## KOMAN OU KA EDE

Jenerozite w ka amelyore lavi vwazen w yo ki nan bezwen ak ede fè kominote nou an yon kote ki pi an sekirite pou tout moun.

**Fè Don**— Sou Entènèt nan [www.escadv.com](http://www.escadv.com) oswa poste chèk pou ESCADV, P.O. Box 3, Onancock VA 23417. Nou aksepte lot bagay tou kom donasyon pou kliyan nou yo. Tanpri rele pou lis bagay nou aksepte yo oswa pou plis detay sou koman ou ka sipote ESCADV. Kado ou bay yo dediktib pou enpo.

**Volontè**—Nou ka itilize talan ke w genyen. Tanpri rele nou pou konnen koman ou ka fè volontè.

## ► Okenn moun pa gen dwa pou fè w mal

Eske gen yon moun nan fanmi w k ap abize w? Dè milyon moun sibi abi nan men mari oswa madanm yo, patnè, oswa fanmi yo chak ane. Yo ka santi yo san èd, wont, oswa trò pè moun k ap abize yo a. Premye pa se pou rekonèt **siy ak siyal abi**.

Eske mari oswa madanm ou, patnè, oswa fanmi w fè bagay sa yo:

- Blese w fizikman kelkeswa fason an?
- Menase w, tèt li, timoun ou yo oswa lòt moun?
- Kontwole kibò ou ka ale oswa kiyès ou ka wè?
- Touche w oswa menase pou touche w seksyèlman nan yon fason ke w pat renmen oswa pèmèt?
- Toujou ap imilye w oswa desann?
- Blese oswa menase pou blese animal domestik ou genyen?
- Kraze bagay ou nan yon fason ki fè w pè pou sekirite pa w oswa lòt moun?
- Te kenbe w yon kote san konsantman w?

Si w ka reponn wi pou nenpòt kesyon sa yo, ou ka nan sitiyasyon vyolans domestik. Abi a souvan vin pi grav e sa vin rive plis fwa toujou.

Ou pa pou kont ou, gen èd ki disponib!  
Tanpri rele nou nan 757-787-1329 pou aprann plis sou opsyon ak resous pou w viv yon vi san vyolans.

Sèvis gratis e konfidansyèl

## Eastern Shore Kowalisyon

### Kont Vyolans Domestik (ESCADV)

**Sipò, defans ak edikasyon pou nenpòt moun ki afekte pa vyolans domestik oswa seksyèl**



155 Market Street / P.O. Box 3

Onancock, VA 23417

Tel.Liy direk/TTY: 757-787-1329

Imèl: [escadvoffice@escadv.com](mailto:escadvoffice@escadv.com)

Sitwèb: [www.escadv.com](http://www.escadv.com)

Jwenn nou nan facebook & fuiv nou twitter



**ESCADV**

EASTERN SHORE COALITION AGAINST DOMESTIC VIOLENCE

Freedom through empowerment because love should not hurt

Printed with support from a contract from the Domestic Violence Prevention & Services Grant #CVS-12-049-11 awarded by the Virginia Department of Social Services.

“si pat gen refig, mwen pa pat gen kote poum rete.. Mwen komanse geri e mwen jwenn yon nouvo vi nan lye saa.”

Kowalisyon Kont Vyolans Domestik Eastern Shore nan (ESCADV) te fonde nan 1983 pou abòde pwoblèm vyolans domestik nan Eastern shore Virginia. Nou kwè ke tout moun merite yon lavi lib nan vyolans entèpèsònèl. sèvis entèvansyon ak prevansyon nou, nan zòn Accomack ak Northampton bay sipò, defans ak edikasyon pou nenpòt moun ki afekte nan vyolansv fizik oswa vyolans seksyèl, nan lòd pou ogmante kapasite w nan bati lavi lib nan vyolans, an sante, san danje epi pou w endepandan.

ESCADV bay sèvis endividyèl et santralize nan kliyan. Nou akeyi ak respekte diferans ki genyen nan orijin nasyonal, ras, sèks idantifye/ oryantasyon sèksyèl, laj, etnisite, andikap fizik ak mantal, kwayans relijye ak estati finansye.

Pou w ka aprann pi plis vizite nou nan; [www.escadv.com](http://www.escadv.com) oubyen rele 757-787-1329

## Kounye a se moman an

. Si ou se yon viktim vyolans domestik, kounye a se tan pouw pwoteje tèt ou ak lòt Moun sa yo ki konte sou ou pou yo ansekirite. Ou pa merite pou yo abize w. Gen èd ki disponib

## Sipò, Defans Dwa, ak Edikasyon .

nan lòd pou bay pi bon sèvis ki wo, Komisyon Konsèy nou an (Direktè yo), anplwaye, ak volontè yo Kenbe valè nan kolaborasyon, otonòm, enklizyon, respè, ekselans ak responsablite.

Sèvis nou gratis e konfidansyèl:

- 24 èdtan Liy Dirèk Kriz ( 757-787-1329)
  - entèvansyon kriz
  - planifikasyon Sekirite
    - abri ljans
    - konsèy endividyèl
      - gwoup sipò
      - jesyon dosye
  - Enfòmasyon ak referans
  - Asistans transpòtasyon
    - asistans finansye
  - Lopital / tribinal akonpayman
    - defans legal
  - Edikasyon Kominote

## Kisa vyolans domestik ye?

Vyolans domestik se yon modèl ki nan konpòtman represif karakterize pa dominasyon ak kontwòl yon moun sou yon lòt, anjeneral, yon patnè ou, nan abi fizik, sikolojik, emosyonèl, vèbal seksyèl ak / oswa abi ekonomik .

## Plan pou w ka ansekirite

- fè anpil nan konsèy sa yo si li posib:
- Planifye pou yon chape rapid. Konnen ki kote ou ka ale ak kòman ou kapab rive la.
- Si ou kwè ke wap vole tout sa ki sou ou, pa rete nan kay kote zam tankou revolve oswa kouto.
- Kenbe telefòn zanmi w ak zanmiw, doktè, oubyen refij nou an, elatriye.....nan yon kote ki an sekirite oswa kote ou ka jwenn li fasilman .
- Òganize dokiman enpòtan w, oubyen bay li ak yon moun ke ou fè konfyans . Se konsa, moun ki fè vyolans sou ou a pa ka retire yo oswa detwi yo.
- Ekonomize lajan pou ijans, ak kache kopi kle machin nan.
- Bay yon moun ke w fè konfyans yon rad de rechanj ak soulye pou ou ak pou timoun yo.
- Di sitiyasyon ak vyolans eksperyans ou ak moun ou fè konfyans.
- Mwen konte sou ou ak desizyon ou yo.
- Ou se sèl moun ki ka detèmine kijan w ka sove tèt ou.